Ассаламу гІалайкум!

# ГЪУДУЛЛЪИ

№65 (9515)

2013 соналъул 18 сентябрь

АРБАГІ

БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

## ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ХАЛКЪАЗУЛ ЦОЛЪИЯЛЪУЛ КЪО!



Районалъул бетІер М. ПатхІулаев байрамкъоялъ буртинаги ретІун...

## НАРКОТИКАЗДЕ ДАНДЕ КЪЕРКЬЕЯЛЪУЛ МОЦІ!

## БЕТІЕР БЕКИЛААДЕ БУХЬАНИ ЛЪИКІ



***Жакъа къоялда бищунго аслиязул цояблъун ва захІматаблъун лъугьун буго гІолилазда гьоркьоб наркомания тІибитІиялъул масъала. ЦІехрехазул хІасилазда рекъон, Россиялда наркоманазул къадар бахун буго щуго миллион чиясде. Гьезул 20 %- школлъимал, 60 % - 30 соналъул ригьалде рахинчІел ва 20 % - гьеб ригьалдаса тІаде арал.***

***Россиялда санайил наркотикал хІалтІизариялъул хІасилалда холев вуго 70 азарго чи.***

***Дагъистаналдайин абуни, наркотикал хІалтІизарулел гІадамазул къадар бахуна 6520 чиясде. Къойидасан къойиде гьеб къадар, цІикІкІун гурони, дагьлъулеб гьечІо. Аслияб куцалда наркотикал хІалтІизарулел руго школлъималаз.***

***Гьединан бицана дагьал церегІан къояз редакциялде вачІун вукІарав Болъихъ бугеб МРО УФСКН-ялъул начальникасул ишал тІуралев Темирханов АхІмадица.***

***-АхІмад, гьабсагІаталда районалда наркоманиялъул рахъалъ кинаб ахІвал-хІал бугеб?***

-Кутакалда квешаб хІал буго. Эбел-инсуца аслияб кІвар буссинабун буго магІишат - яшав гьабиялде. Лъималазул, гІолилазул рухІияб рахъ мукъсанлъулеб буго. Гьеле гьеб мехалда тІибитІизе байбихьула наркомания. Экспертаз рикІкІунеб буго 10-15 чиниги щивав наркоманас жиндаго хадув цІалин. Наркотиказул хІакъалъулъ, кин гьел хІадурулелали, бицунел рикІкІен гІемерал сайтал руго. Интернеталде ваккизе лъалев бокьарав чиясул рес буго, гьелдаса пайдаги босун, наркотикал хІалтІизаризе. 15-16 соналъул лъималазин абуни, гьелдасан пайдаги босулеб буго.

***-Нужер хъвай-хъвагІаялда чан наркоман вугев?***

-Жакъа нилъер республикаялда наркотикал хІалтІизарулел гІадамазул къадар бахуна,нилъеца тІадехун абухъе, 6520 чиясде. Гьезда гьоркьов Болъихъ районалдаса 15-16 гІанасев чи вуго. Амма гьел руго учеталда ругел чагІи, хІакъикъаталдайин абуни, гьезул къадар бахине бегьула 50-І00 - ялдеги.

***-Районалда МРО УФСКН-ялъул хъулухъалъул аслияб масъалаби кинал ругел?***

-Сундулъго балагьичІого, наркотиказде данде къеркьезе, гІун бачІунеб гІел гьеб заралияб пишаялдаса кІванагІан рикІкІад гьабизе кІвараб хІаракат бахъи - гьеле бищунго аслияб масъала.

***-Наркомания гьукъи мурадалда кинал тадбиралха нужеца гьарулел?***

-Наркоманиялде данде къеркьеялъул нухда лъикІаланго тадбирал гьарула. ГІуцІула школлъималазулгун дандчІваял, гьабула эбел-инсулгун гара-чІвари.

Гьале исанаги, ДУМДалъул хІалтІухъабигун цадахъ, 9-23 сентябралъул къояз «Дети юга» абураб ахІиялда гъоркь унеб буго ведомствабазда гьоркьосеб оперативиябгун профилактикияб операция.

*Ахир Заб.гьум.*

Государственный Антинаркотический Комитет

# НАРКОТИКАЗДА ДАНДЕ КЪЕРКЬЕЙ-

ГIемерал руго жакъасеб нилъер гIумрудулъ чиясул сахлъиялъеги, гIадамазда гьоркьоб къадру-къиматалъеги квешаб асар гьабулел пишаби.Амма бищунго заралияб,битIахъе балагьаб пишалъун рикIкIине бегьула наркомания.Чан аза-азар чи гьелъул кIичIикье кколев ва гьениса ворчIизе кIвечIого гIумругун ватIалъулев?!Чан чиясул,хасго гIолилазул,къисматалда тIасан хIучч цIалеб гьеб бахунеб унтуца?!

Эбел-инсуца рокъоб,учительзабаз школалда,нухмалъулез учреждениябазда кIвар кьечIого,ургъел-агъаз гьабичIого теялъул хIасилалда гIун бачIунеб буго лъикIаб гуреб,я гIадамазе,я пачалихъалъе кинабгIаги пайда-хайир гьечIеб гIел.БатIи-батIиял дарабаз,наркотиказ ва цоги-далги кIотинарулел жалаз гIадал гьарурал гIолилаз гьарулел руго рикIкIен гIемерал такъсирал,гьезухъан кколел руго гIорхъолъа рорчIарал вахIшиял ишал.Цо уколалъе,абухъего цо дозаялъе гIоло бокьараб иш гьабизе,хIатта чи чIвазецин нахъ къалев гьечIо наркоман.

Гьеб социалияб балагьалде данде къеркьеялъул цебесеб кьерда буго районалъул прокуратураги.Гьезул хIаракатчилъиялда гIемерал тадбирал тIоритIана ва тIоритIулелги руго районалда."Дагъистан-наркотиказде данде»абураб ахIиялда гьоркь тIубараб моцIалъ республикаялда тIоритIулел тадбиразулъги гIахьаллъулаго, районалъул прокуратураялъ бахъун буго наркотиказде данде къеркьеялъул жидерго хасаб план. Планалда рекъон,районалъул тIолалго идарабаз,школаз ва эбел-инсуца жидедаго барабщинаб гьабизе ккола наркомания гьукъиялъе,районалъул гIолилал ва школлъимал гьеб балагьалдаса цIуниялъе.Районалъул прокурор Зайнудин МухIамадсайгитовасул рагIабазда рекъон, республикаялдаго рагIинабураб наркотиказде данде къеркьеялъул моцIалъ(I5 сентябрадаса I5 октябралде щвезегIан)лъикIал хIасилал кьезе ккола.

Цо гIолилав наркотиказул к1ичIикьа вахъизе кIванигицин гьеб тадбир пайдаяб букIиналда ракIчIун буго прокурорасул.



## НАРКОКОНТРОЛЬ ВЫСТУПИЛ ПРОТИВ ТЕСТИРОВАНИЯ ШКОЛЬНИКОВ НА НАРКОТИКИ

Глава наркополиции выступил против принятия закона о тестировании школьников на наркотики. По его словам, предотвращать распространение наркомании среди учащихся-обязанность родительских комитетов и школьной администрации.



«Я считаю, что нет необходимости принимать закон о тестировании школьников на употребление наркотиков», - цитирует глава наркополиции РИА Новости. Тестирование школьников разрешено проводить только с письменного согласия учащегося, если он старше 15 лет. В остальных случаях требуется согласие родителей.

Кроме того, в законе прописаны полномочия федеральных органов исполнительной власти в области профилактики наркомании. Им вменяется в обязанности выявлять причины и условия распространения наркомании, проводить пропаганду здорового образа жизни и «нетерпимого отношения» к употреблению наркотиков, а также разрабатывать основы госполитики в области профилактики наркомании. Аналогичный закон о добровольном тестировании школьников и студентов на употребление наркотиков был принят в первом чтении Мосгордумой.

## *АНТИНАРКОТИЧЕСКАЯ КОМИССИЯ В РЕСПУБЛИКЕ ДАГЕСТАН*



Указ Президента РД об образовании Антинаркотической комиссии в РД

Указ Президента РД об утверждении состава Антинаркотической комиссии в РД

Состав Антинаркотической комиссии в РД

Положение об Антинаркотической комиссии в субъекте Российской Федерации

Регламент Антинаркотической комиссии в субъекте Российской Федерации

Протокола заседаний

Во исполнение Указа Президента Российской Федерации В.В. Путина от 18 октября 2007 года № 1374 «О дополнительных мерах по противодействию незаконному обороту наркотических средств, психотропных веществ и их прекурсоров» Указом Президента РД от 7 декабря 2007 г. № 247 была образована антинаркотическая комиссия Республики Дагестан.

Председатель Комиссии – Президент Республики Дагестан Рамазан Абдулатипов.

Заместитель председателя – Начальник Управления ФСКН России по Республике Дагестан Энрик Муслимов.

Комиссия размещается в здании Правительства РД по адресу: г. Махачкала, 367005, пл. Ленина, 1.

Телефон ответственного секретаря комиссии: (8722) 51–72–30.

## *В РЕСПУБЛИКЕ СТАРТОВАЛА АКЦИЯ ДАГЕСТАН ПРОТИВ НАРКОТИКОВ*

По инициативе прокуратуры республики с 15 сентября по 15 октября совместно с УФСКН России по РД, МВД по РД, Правительством, Народным Собранием и органами местного самоуправления проводится республиканский антинаркотический месячник «Дагестан против наркотиков!».

Президентом республики Рамазан Абдулатиповым одобрен этот проект и утвержден комплексный план действий, который включает в себя профилактические мероприятия, разъясняющие и рекламирующие пагубность, опасность потребления наркотиков.

«Эта проблема очень актуальная для нас - отметил Глава региона, комментируя проведение мероприятия. - В Дагестане достаточно активно проводится работа против распространения, применения наркотиков. К этой большой работе активно подключаются правоохранительные органы. Мы уже проводили заседания Антитеррористической комиссии, в том числе и в Медицинской академии с участием преподавательского состава, студентов, чтобы подключить к этой работе максимально большое количество людей.

Согласно статистике, более 2 тысяч человек в год задерживаются по этим видам преступлений. Сотни людей заняты распространением наркотиков. Это означает, что несколько тысяч людей ежегодно заболевают, для них и их родственников наркотики становятся настоящей трагедией. Это величайшее бедствие, фактически личность при применении наркотиков деградирует», - отметил Р. Абдулатипов.

Как подчеркнул Глава Дагестана, наркотическая зависимость - прямая дорога к преступлениям, потому что с каждым потреблением наркотиков требуется больше дозы, соответственно требуется достаточно много денег.

Инициатива прокурора, совместная работа правоохранительных органов - это одно, а позиция, мобилизация общества, и прежде всего мобилизация школьных, вузовских коллективов против этой болезни, трагедии - это другая работа. Месячник организуется для того, чтобы довести до широких масс, насколько эта проблема актуальна, трагична, и чтобы отвадить от этой трагедии людей, спасти тысячи и тысячи наших детей, чтобы не приобщались к наркотикам, чтобы они могли жить полноценной жизнью. Эта трагедия приходит во многие наши дома. Это означает, что она пришла в наш родной Дагестан. Поэтому нам нужно всем объединиться, поддержать инициативу прокуратуры, других правоохранительных органов и провести эту работу на хорошем уровне».




Прокурор РД Р. Шахнавазов сообщил о том, что во всех городах и районах уже развернута широкая сеть агитационно-пропагандистской работы. Установлены телефоны доверия в городах и районах, куда граждане могут обратиться с сообщениями о том, где торгуют наркотиками, располагаются наркопритоны и употребляют наркотики. В Махачкале установлен телефона доверия – 63-00-63.

Хотелось бы, чтобы в эту работу включались руководители учебных заведений, школ. У нас работает специальная группа волонтеров.

Буквально 15 сентября они начнут пропагандировать идеи здорового образа жизни. Ибо нам нужно здоровое общество. Больное страдает теми пороками, на которые обратил внимание наш Президент», - подчеркнул Рамазан Шахнавазов и призвал всех дагестанцев включиться в эту работу.

Руководитель Управления ФСКН по Дагестану Энрик Муслимов в своем выступлении напомнил о том, что Президентом РФ в 2010 году утверждена стратегия государственной антинаркотической политики до 2020 года. «В нем, - сказал он, - два основных направления деятельности. Первое – это полицейские меры, которые, как отметил Президент Дагестана, более или менее успешно применяются правоохранительными органами нашей республики. Но, тем не менее, за 8 месяцев текущего года количество зарегистрированных преступлений в этой сфере увеличилось на 13%. А другое направление - снижение спроса - профилактическое. Месячник против наркотиков под эгидой прокуратуры и Президента республики проводится как раз по этому направлению..



УФСБ по РД и МВД по РД тоже поддерживают инициативу проведения мероприятия.

Стартовала акция 15 сентября, когда в Дагестане отмечают День единства народов.

Примечательно, что в этот день на стадионе присутствовало большое количество молодых людей. И в рамках мероприятия «Дагестан против наркотиков» активисты молодежных волонтерских движений провели на месте акцию «Я против наркотиков» и раздали среди присутствующих флаера с призывом «Сообщи, где торгуют смертью!».

# ТIОЛАБГО ХАЛКЪАЛЪУЛ МАСЪАЛА!

## БЕТIЕР БЕКИЛАЛДЕ БУХЬАНИ ЛЪИКI

НИЖЕР ГАРА-ЧIВАРИ

Авал I-себ.гьум.

ГIуцIун буго гьелда рекъон план. Школазда гьаризе руго линейкаби. Республикаялъул прокуратураялъулхIаракатчилъ иялда 15 сентябралдасан I5 октябралде щвезегIан тIобитIулеб буго «Дагъистан наркотиказде данде» абураб тадбир. ГIуцIун руго хIалтIулал къукъаби. Гьезда гьорлъе уна: гIолилазда гьоркьоб хIалтIи




гьабиялъул комитет, администрациялда рагьараб балугъалъуде рахинчIел лъималазда гьоркьоб хIалтIи гьабиялъул комитет, ОМВДялъул инспекторал.

20 сентябралда администрациялда тIобитIизе буго гургинаб стол. ТIоритIизе руго цIалдохъабазда гьоркьоб суратал рахъиялъе конкурс, гIолилазда гьоркьор, ДЮСШялъул кIалгIаялда жанир, спортивиял къецал.

Ахиралда 13 октябралъ букIине буго кIудияб концерт. Гьединго, рехесан рачIинеруго ЛъайкьеялъулминистерствоялъулГIолилазда гьоркьоб хIалтIи гьабиялъул комитеталъул ва ОНВП УФСКН-алъул вакилзаби. Къецазулъ бергьаразе кьезе руго шапакъатал.

***-Абула «цере рукIарал» наркоманал рукIунарин. Гьелда тIасан дур кинаб пикру бугеб?***

-Гьеб гьедин бугин абуни мекъи ккеларо, щай гурони наркотиказ тIубанго мукъсан гьабулелъул инсанасул рухIияб рахъ, чорхое гьабулелъул кIудияб зарал, цо жоялда варавлъун, вухьаравлъун лъугьинавулелъул чи.

Гьеб къоринисан ворчIизе ккани, къваригIуна, гIурусаз абухъего, «сила воли». Гьебин абуни, наркотиказ бищунго тIоцебе мукъсан гьабула. Кин бугониги, бажарарав чи гьелъул квачIикьан вахъизе ва гьеб балагьаб нухдасан гIолеб гIел цIунизе гIоло гьабизе ккола щибаб къойилаб хIалтIи. ЦохIо нижеца гуребги, киназго цадахъ лъугьун гьабизе ккола гьеб - эбел-инсуца, школалъ ва общественностальъ.

***-Наркоманал сах гьаризе кире нужеца ритIулел?***

-Сах гьаризе ритIиялъе кIудияб дандечIей гьабулеб буго гьез. Жал наркоманал гьечIин, бокьараб мехалъ толин абун рорчIизе гIамал гьабула гIемерисез. Гьединлъидал нижеца гьезда тIад гьабула уголовнияб дело.

***-Нилъер районалда кинал наркотикал аслияб къагIидаялда хIалтIизе гьарулел ругел?***

-Цебе умумуца натIухIалъе абун хьалеб букIана галарехьон (конопля). Гьанже лъималазда добго интернеталдасан лъан буго гьелдасан наркотик хIисабалда пайда босизе.

Цоги хIалтIизарулел руго «Триган-Д» ва «Цикломед» дараби.

Гьединлъидал щивав чияс жиндирго лъимада



хадуб хьаравуллъи кквезе ккола. БетIер унтулеб бугин абун лъималазул зигарди баккани, тIаса-масагоралагьуге. Унтиялъе бугеб гIилла лъазабизе ккола. Рес бугелъул лъималаз гьел дараби хIалтIизарун ратизеги. Гьединго, наркоманиялъе къучI лъола пивоялъ, гIаракъиялъ, чагъиралъ.

***-Гьеб балагьалдаса лъимал цIуниялъе, дур пикруялда рекъон, щиб гьабизе кколеб?***

-Наркотиказде данде бугеб бищун кIудияб къуват буго эбел-инсул лъималаздехун бугеб рокьи. Узухъда, гьеб рокьи жибго-жиндаго бугеб гIоларо загьир гьабизеги ккола. Гьездасан бугеб рохелги, гьезул бугеб пайдаги биччанте гьезда лъазе. РукIа гьезие гьудулзабилъун, гьеб мехалъ лъимал хIажат гьечIеб бакIалдехун цIаларо. Гьединго, жакъа чара гьечIого хIажатаб буго



лъималазул, гIолилазул эркенаб заман пайдаялда тIамиялъул масъала тIубазе. КъваригIун буго гIолилазе спорталде ва цогидалги рекIел цIайи бугел рахъазде гIатIидал нухал рагьизе. Гьеб мехалъ наркоманиялдеги, хIажат гьечIел пишабаздеги регIиларин ккола.

***-Гьабураб хIалтIул хIасил гьабулеб бугони, сундул бицине бокьилеб?***

-Милициялъул хIалтIухъабигун цадахъ лъугьун, чIей гьечIеб хал гьабула аптекабазда гьадал тIадехун рехсарал дараби ричулел ругищали. Ва ракIчIун абизе кIола районалъул аптекабазда гьел дараби ричулел гьечIин абун. Бокьарав чиясе бокьараб нух батулелъул, гьел ругеб бакIалде щаклъи ккаразе, лъалезе яги наркотиказул гьикъун баян щвезе бокьаразе районалъул школазда чIван руго нижер телефоналъул номерал.

***-Ва ахиралдаги «Гьудуллъи» газеталъул хIакъалъулъ кинаб пикру дур бугеб, кинаблъун гьеб букIине дуе бокьилеб?***

-«Гьудуллъи» газеталъулгун дир кидагосеб гьудуллъи буго. Кинаб гьеб букIине бокьилеб? Биччанте гьеб букIине гIадамазул мурадги тIубалеб, ургъелги бикьулеб, пайдаял материалаз гьурмалги берцин гьабулеб нилъер районалъе чара гьечIеб газеталъун.

**З.МУХIАМАДОВА.**





РЕСПУБЛИКА ДАГЕСТАН

АДМИНИСТРАЦИЯ МР «БОТЛИХСКИЙ РАЙОН»

**РАСПОРЯЖЕНИЕ**

от 12 сентября 2013 г.
№285-р с. Ботлих

1. В целях наведения порядка по уборке и улучшению санитарного состояния на всей территории района и поддерживая Всероссийскую акцию по уборке мусора «Сделаем вместе!», Всероссийский экологический субботник «Зеленая Россия» и инициативу ООО «Газпромтрансгаз Махачкала» организовать субботник по очистке территории района 19.09.2013г.

2. Комиссии, назначенной распоряжением администрации от 25.03.2013г. №94-р, с выездом на место определить объем необходимых выполнению работ.

3. Взять на учет все транспортные средства организаций, которые необходимы для проведения работ.

4. Начальнику отдела по работе с СПРО и О Магомедову П.Б. организовать повсеместно в сельских поселениях проведение субботника по очистке территории.

5. Контроль исполнения настоящего распоряжения возложить на заместителя главы администрации Муталипова А.А.

*ГЛАВА МР «БОТЛИХСКИЙ РАЙОН»*
*Л. БАЛДУГОВ*

## Пресс-служба сообщает

Д. Ахмедудинова, пресс- секретарь райадминистрации

# ДЕНЬ ЕДИНСТВА НАРОДОВ ДАГЕСТАНА



Жители Ботлихского района удивили гостей Дня единства народов Дагестана «Ботлихским майданом»

Накануне праздника руководства района и работники культуры во главе с руководителем района М. Патхулаевым прибыли в Махачкалу, чтобы успеть с утра развернуть свой майдан. Уже к девяти часам «ботлихский майдан» был готов к праздничному концерту, показу своего культурно-исторического, национально-художественного наследия и приему гостей.



Ботлихский дом с домочадцами и традиционным убранством отличался особым колоритом и привлекательностью. В украшенном старинной утварью, ювелирными, ковровыми, бурочными изделиями, национальными блюдами майдане не было отбоя от гостей. Здесь любой желающий мог сесть за стол и насладиться вкусными яствами из рук приветливых хозяек в национальных костюмах. На пороге дома играла музыка, в национальном стиле был организован ким (годекан). Горянки в национальных костюмах были заняты своими домашними делами.

Кульминацией Ботлихского майдана стало посещение его руководством Дагестана во главе с президентом РД Р. Абдулатиповым. Высоких гостей приветствовали зурначи да барабанщики.

Все артисты были одеты в традиционную национальную форму, что придавало особую яркость праздника. День единства отпраздновали на славу, народными гуляниями, полетами воздушных шаров и с праздничным фейерверком.





# ГЪАГЪАЛЪА ГУМИ ХВЕЯЛДЕ

Дир гьалмагъзабазул
РикIкIен рехсараб,
СияхI къокъ гьабуна
Хвалил кIвекьмахалъ,

Хвалде хIадурлъарал
Харабиги тун,
ГIолохъанаб лага
Молода лъуна.

Дунял чороклъидал,
Чилъи рекълъидал,
Толел гьечIо Ханас
Гьанир кватIизе

Жал лъалезда гьоркьоб
Хинлъи бекьарал,
Камилаб нафсалъул
Сахал кьерилал.

ЦIарал ракIалдаса
Ун рахъунарел,
РакIгъураб гьалмагълъи
РегIун хутIана.

Гъазаваталъ гIадин
Гумиги ана,
ЛъагIел сверилалде
Вацасда хадув.

Ралаго хъулби тун,
Агьлу-хъизан тун,
Чанас хьвагIун тараб
Панаяб дунял.

Пайда гьечIеблъи лъан,
Мунги гочана
Абадияб рокъов,
Халикъас ахIун.

Мунагьал чуризе
ХIалбихьаразулъ
ЦIар хъван батаги дур
Малаикзабаз.

Риядул Жанналда
ХIалхьун таги мун,
ГурхIел загьирлъулеб
Ахираталда.

Цоги щиб абилеб
Дур агьлуялда,
Гьалаглъун лъималгун
Дур хутIаралда.

ВагIза щиб гьабилеб
РакI савусине,
Сабру, сабруйилан
АхIи бай гуреб.

Унеб, загIиплъулеб
Нилъер гьаб гIумру,
ХIетIе бахъаралъуб
Нахъа чIун болжал!

Божун хьвадулев чи
АхIмакъин тела,
Ахир хIакъаблъидал,
Лъица нахъчIвалеб?!

*САЛМАН МУСАФИР ГIУБАЙДУЛА*

*БетIерав редактор ГI. ГIумаханов*